



GID POU FANMI CONNECTICUT POU SIPÒTE ELÈV K AP APRANN ANGLÈ [ENGLISH LEARNERS (ELs)]

Paran ak fanmi yo se resous ki enpòtan nan kreyasyon mwayen pou siksè EL yo nan kolèj ak nan karyè.

Se Depatman Edikasyon Connecticut (Connecticut Department of Education) ki Finanse Pwogram sa a nan Tèt Ansanm avèk Connecticut RESC Alliance

Antan edikatè, nou rekonèt ak apresye kijan lavi ak eksperyans fanmi kreye baz solid pou aprantisaj. Men kèk sijesyon pou sa ou kapab fè pou sipòte pitit ou pandan l ap aprann lang Anglè.

Paran yo se premye pwofesè yo.

- Pale avèk pitit ou konsènan lekòl. Rakonte istwa eksperyans edikasyon pa ou, ak istwa fanmi ou, ak sijè ki enterese pitit ou.
- Si ou li pou pitit ou epi avèk pitit ou chak jou nan nenpòt lang sa ap ogmante vokabilè pitit ou, k ap fè li pi byen prepare pou lekòl.
- Ede pitit ou yo remake sa k'ap pase o zalantou yo. Poze kesyon epi ankouraje pitit ou fè menm bagay la.

Kenbe lang natifnatal ou oswa lang eritaj ou. Rechèch yo fè montre elèv k ap aprann Anglè ki gen ba solid nan lang natifnatal yo aprann Anglè pi vit ak pi fasil.

- Pale lang natifnatal/lang eritaj ou lakay ou.
- Li epi ekri nan lang natifnatal/lang eritaj ou, si li posib. Ankouraje pitit pou li fè menm bagay la.
- Rete konekte avèk lòt manm fanmi, òganizasyon kominotè, oswa gwoup ki itilize lang natifnatal /lang eritaj yo tou, si li posib.
- Koute mizik, gade televizyon ak film, itilize aplikasyon, li liv epi rakonte istwa nan lang natifnatal/lang eritaj ou.

Ou se yon resous lè ou pale de lang.

- Adilt ki pale de lang/ki alfabetize nan de lang touche pi gwo salè anmwayèn pase adilt ki pale yon sèl lang.
- Yon sèvo ki bileng pi rezistan pou Alzheimer ak maladi foli.
- Bilengwis ogmante konpreyansyon nan pwoblèm matematik ak konsèp matematik.
- Lè ou pale de lang sa ede ou konsantre pi byen ak pran desizyon.
- Yon moun ki pale de lang ap gen ladrès solid pou panse kritik.
- Ladrès solid ak estrateji nan alfabetizasyon nan lang natifnatal ede moun yo aprann yon dezyèm lang pi fasil.

Patisipe nan lekòl pitit ou.

- Youn nan eleman enpòtan nan sistèm lekòl Connecticut se patisipasyon paran yo. Lekòl yo eseye rete an kontak avèk paran yo nan aktivite lekòl yo, jounal lekòl, ak koutfil lakay paran yo.
- Antre nan òganizasyon paran lekòl la.
- Bay tan ou kòm volontè.
- Patisipe nan aktivite lekòl la.
- Patisipe nan konferans paran akpwofesè.
- Voye email/lèt epi fè konvèsasyon nan telefòn avèk pwofesè pitit ou.
- Nan tout komunikasyon ou fè avèk sistèm lekòl la, pa ezite mande sèvis tradiksyon, si li nesesè.

Kreye mannèv pa ou nan lang Anglè.

- Menmsi tan kapab yon baryè pou pran klas Anglè kòm yon Dezyèm Lang [English as Second language (ESL)], pifò kominote ki nan Connecticut ofri klas aswè gratis avèk pwogram Edikasyon Adilt ak pwogram nan bibliyotèk yo.
- Pratike Anglè avèk lòt moun. Menmsi ou vle kontinye pale lang natifnatal ou lakay ou, pratike Anglè lè ou ale nan lekòl pitit ou ak nan lòt ajans gouvènman, nan klinik doktè, nan magazen, elatriye.

Kesyon Moun Poze Souvan:

1. Kijan yo idantifye yon elèv k ap aprann Anglè [English learner (EL)] nan Connecticut?

- Pou yo idantifye yon EL, yon fanmi dwe patisipe nan yon sondaj sou lang yo pale nan kay lè w ap enskri pitit ou pou lekòl oswa yon ti tan apre. Anjeneral, se yon sondaj ki gen 3-5 kesyon.
- Si sondaj sou lang ou pale lakay ou a montre pitit ou kalifye, y'ap teste pitit ou pou wè ki nivo li nan Anglè.
- Kèk nan distri lekòl yo fè entèvyou avèk paran yo tou, pou poze yo kesyon sou istwa edikasyon timoun nan . Pa pè mande yon tradiktè pou ede ou avèk entèvyou sa a.

2. Ki chwa pwogram ki genyen pou elèv k ap aprann Anglè?

Pwogram yo diferan selon distri yo. Men kèk chwa komen nan Connecticut:

- Elèv k'ap aprann Anglè kòm yon Dezyèm Lang yo, [English as a Second Language (ESL)]- resevwa sipò ak sèvis ESL nan salklas yo (push-in) oswa deyò salklas yo (pull-out) avèk yon pwofesè ESL oubyen yon pwofesè patikilye ELS ki fòme pou sa .
- De Lang: Gen de (2) gwoup elèv, yon gwoup ki pale Anglè kòm lang natifnatal ak yon gwoup ki pale yon lòt lang. Yo anseye matyè a pou apeprè mwaye tan nan chak lang, men yo pa repete matyè a.
- Bileng an Tranzisyon: Yo anseye elev k'ap aprann Anglè (EL) yo nan yon salklas apa nan lang natifnatal yo ak an Anglè. Se yon pwofesè bileng ki lisansye ki anseye elèv yo. Tout elèv ki nan klas sa la pale menm lang natifnatal. Kantite ansèyman yo bay nan lang natifnatal la ap diminye apre yon peryòd de tan. Pwogram sa a gen yon limit 3 zan.
- Ansèyman nan Abri: Devlopman langaj ak konteni matyè yo fèt nan menm salklas tradisyonèl la an Anglè. Tout elèv ki nan klas la se elèv k ap aprann Anglè.

- Lòt Chwa: Gen Distri ki ka ofri lòt chwa pwogram adisyonèl ak sipò.

3. Kisa ki [Connecticut Core Standards (CCS)]?

- [CT Core Standards (CCS)] fè konnen sa elèv ki nan klas pre-matènèl-12^{yèm} ane ta dwe konnen ak kapab fè nan fen nivo klas li nan matematik ak nan alfabetizasyon (li ak ekri) . Prensip yo la pou fè tout elèv yo pare pou yon karyè oubyen kolèj apre yo diplome.
- CCS pa di pwofesè yo sa pou yo anseye elèv yo. Distri/pwofesè yo ekri pròp preparasyon leson pa yo ki baze sou CCS la.

4. Ki evalyasyon ofisyèl leta Elèv k'ap Aprann Lang Anglè yo pran?

- Tout elèv ansanm ak EL yo gen obligasyon pou patisipe nan evalyasyon leta ki gen ladan Konpreyansyon Lekti ak Ekriti Anglè , Matematik ak Syans nan klas 5yèm ane, 8yèm ane ak 10yèm ane.
- Si Elèv k'ap Aprann Lang Anglè [English learner (EL)] yo enskri pou premye fwa nan yon lekòl Etazini epi si yo asiste lekòl la pandan mwens ke 12 mwa, elèv la KA jwenn egzansyon nan pòsyon Konpreyansyon Lekti ak Ekriti Anglè a nan evalyasyon ki rele Smarter Balanced Assessment la avèk nan t [Connecticut Alternate Assessment (CTAA)].
- Sipò nan lang pou EL yo pandan evalyasyon yo disponib epi sa pral depan de lekòl la/staff ki nan distri a ak nivo klas elèv la. Kontakte lekòl pitit ou pou jwenn plis enfòmasyon.
- Chak ane, elèv yo pran yon evalyasyon ofisyèl nan lang, epi se distri a ki bay evalyasyon sa a pou detèmine nivo konpetans elèv yo nan lang Anglè.

5. Kilè pitit mwen p'ap yon elèv k'ap aprann Anglè anko?

- Teknikman palan , nou p'ap konsidere pitit ou kòm yon EL ankò, lè li pase evalyasyon lang ofisyèl la.

- Rechèch yo montre li pran 5-10 zan pou yon elèv vin konpetan nèt nan yon lang.
- Pou yon moun vin konplètman bileng, se yon proses ki dire pandan tout lavi moun nan.

RESOUS SOU SITWÈB POU PARAN AK FANMI YO

Gid pou National PTA Parents an (Anglè ak Panyòl)

<http://pta.org/parents/content.cfm?ItemNumber=2583>

Gid yo disponib nan lang Anglè ak Panyòl epi yo gen ladan:

- Sa timoun yo ta dwe aprann nan Konpreyansyon Lekti ak Ekriti Anglè ak matematik nan chak klas avèk Connecticut Core Standards.
- Sa paran yo kapab fè pou ede aprantisaj la.
- Konsèy pou planifye pou kolèj timoun yo ak pou prepare pou karyè yo.

Council of Great City Schools yon gid pou paran nan Common Core (Anglè ak Panyòl)

<http://www.commoncoreworks.org/site/Default.aspx?PageID=330>

Gid spesifik pou nivo klas ki eksplike egzijans Common Core la nan Konpreyansyon Lekti ak Ekriti Aglè

<http://www.cgcs.org/Page/366>

Gid ki spesifik pou chak nivo klas ki eksplike egzijans Common Core la nan matematik.

Council of Greater City School- Video sou Common Core la (Anglè ak Panyòl)

<http://www.commoncoreworks.org/domain/157>

Video ki eksplike lide Common Core State Standards yo.

Resous pou Fanmi, ki rele Colorín Colorado (Anglè ak Panyòl)

<http://www.colorincolorado.org/families/>

Sipò pou fanmi ak lekòl timoun ki nan pwogram bileng yo .

(Connecticut Parenting) (Anglè ak Panyòl)

www.ctparenting.com

Resous sou anpil kalite sijè, ak sou edikasyon tou.

Sant pou Defann Paran nan Connecticut (Connecticut Parent Advocacy Center)

<http://www.cpacinc.org/>

Enfòmasyon pou paran yo sou ki jan pou defann edikasyon ak pou timoun ki gen bezwen espesyal

Sant Resous ki Bay Enfòmasyon pou Paran Connecticut (Connecticut Parent Information Resource Center)

www.ctpirc.org

Resous pou paran ki nan CT

Pwogram Aprantisaj pou Fanmi Connecticut- Piblikasyon pou Fanmi (Anglè ak Panyòl) ak Bilten (Anglè)

<http://www.sde.ct.gov/sde/cwp/view.asp?a=2678&q=320764>

Jounal ak piblikasyon ki endike kijan paran yo kapab patisipe nan aprantisaj pitit yo.

Southern CT State University- Resous pou Paran Elèv k ap Aprann Lang Anglè

<http://www.southernct.edu/groups/tat/resourcesfro mscholars.html>

Klike sou lyen ki nan paj la, answit klike sou PARENTS

Piblikasyon ak atik ki ede paran yo sipòte konpetans elèv k ap aprann Anglè yo pou li ak ekri ak aprantisaj yo.

2-1-1 Anyè

www.211ct.org

Anyè resous ak ajans ki nan CT

<http://www.usingenglish.com/>

Yon gwo gwoup zouti ak resous pou aprann a anseye Anglè.

<http://capl.washjeff.edu/index.php>

Imaj ki montre siyifikasyon mo yo pou amelyore devlopman vokabilè.

<http://www.manythings.org/>

Ti tèst (egzamen), jwèt mo, puzzles (kole pyes pa pyes) , ak fraz randòm pou ranfòse teknik nan Anglè a. .

<http://en.bab.la/games/>

Diksyonè ak vokabilè, avèk ti tèst (egzamen), jwèt siplemantè, ak yon deba kominotè.

<http://www.eslbasics.com/>

Videyo anglè gratis pou elèv ki kòmanse yo.

<http://international.ouc.bc.ca/pronunciation/>

Resous ki soti nan Okanagan College ki ofri 13 diferan inite leson pou aprann ak anseye pwononsyasyon anglè.

RESC Alliance

Chak distri lekòl ki nan Connecticut yo benefisye nan sèvis Sant Sèvis Edikasyonèl Rejyonal [Regional Educational Service Centers (RESC)] yo ofri. Avèk RESC yo, distri yo ak kominote yo gen aksè pou program ak inisyativ de bòn kalite, rantab ak kolaboratif.

Tout RESC yo sipòte eleman enstriksyonèl ak operasyonèl nan distri lekòl Connecticut yo. RESC yo planifye ak bay edikasyon ki baze sou kominote, fòmasyon, ak pwogram sèvis sosyal, ki ajoute valè ekonomik ak kalite lavi toupatou nan eta a (State la).

RESC yo pare pou sèvi distri yo avèk sèvis ki a lè, apwopriye, enpòtan, adaptab ak rantab. Alliance la gen yon wòl aktif nan tout inisyativ k'ap fèt nan eta a

Se Kominote Aprantisaj Pwofesyonèl EL RESC Alliance ki te prepare dokiman sa a.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb www.rescalliance.org